



Pou Piblikasyon Imedya: 09/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE MODÈNIZASYON 6.2 MILYON DOLA SANT EDIKASYON ANPLENNÈ TACONIC LA NAN PAK ETA FAHNESTOCK LA NAN VALE HUDSON NAN**

***Enstalasyon ane 1970 yo pral modènize pou ofri edikasyon sou anviwònman an pou lekòl, lajenès, ak gwoup eskout***

***Foto yo disponib [isit la](#)***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse re-ouvèti yon Sant Edikasyon Anplennè Taconic modènize nan Pak Eta Fahnestock la, apre yon pwojè renovasyon dezan ki koute 6.2 milyon dola. Chita nan Cold Spring, Konte Putnam, sant la gen ladan Highland Lodge ak nèf kabin lakanpay pou tout sezon. Kabin yo ofri akomodasyon pou patisipan yo pase nuit nan pwogram sou lanati pandan tout ane a pou lekòl, kolèj, gwoup jèn, ak òganizasyon eskout. Yo te ajoute yon nouvo ti kay pou edikasyon tou nan enstalasyon an.

"Modènizasyon 6.2 milyon dola sa a nan Sant Edikatif Pak Eta Fahnestock la pral pèmèt etidyan kou vizitè apresye, ak aprann sou, anviwònman nou an atravè yon lantiy konplètman nouvo", **Gouvènè Hochul te deklare**. . "Avèk pwojè a ki fini kounye a, enstalasyon amelyore sa yo pral non sèlman pote yon pi bon eksperyans pou vizitè yo nan pak la, men l ap yon atou trè enpòtan tou pou pwochen jenerasyon an pandan l ap aprann kijan pou li konsève resous natirèl presye nou yo epi lite kont konsekans yo sou chanjman klimatik la."

Enstalasyon popilè yo ki te konstwi orijinalman nan mitan ane 1970 yo te bezwen yo mete yo ajou. Sant la akeyi lekòl piblik ak prive, kolèj ak inivèsite, òganizasyon sivik, ajans ak biznis ki sòti toupatou nan nòdès la. Kèk egzanp pwogram yo se edikasyon sou anviwònman, kan sou pwoteksyon, yon pakou kòd pou devlope espri ekip, pwogram pou genyen badj eskout, evènman pou fanmi nan lanati, tire sik nan pye erab, klas pwonmad ak reyinyon dafè. Pèsonèl sant la ale nan lekòl yo tou epi ofri lesou nan saldeklas sou sijè anviwònman.

Finansman pou pwojè renovasyon an te sòti nan men Works, avèk Prezidan Konsèy Pak Eta a (State Council of Parks) Lucy Rockefeller Waletzky ki te fè don pou soutni konstriksyon nouvo ti kay ansèyman anplennè a.

Sant Edikasyon Anplennè Taconic la (Taconic Outdoor Education Center, TOEC) te fèmen nan ete 2019 la pou renovasyon yo te ka kòmanse. Ant 2000 ak 2010 plis pase 167,000 moun te vizite sant la.

**Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare,** "Sant renove sa a pare kounye a pou li kontinye misyon edikasyon li an nan lavni, avèk enstalasyon pou gwoup ki pral fè sejou a alafwa enstriktif ak agreyab. Se yon espas kote anpil timoun vin an kontak avèk lanati ak anviwònman an sa ki lanse yo nan yon pakou apresyasyon pou anviwònman an k ap dire tout lavi yo. Modènizasyon espas devlopman espri ekip ak dekouvèt sa a an yon bilding dirab avèk kabin renove pou pase lannuit vle di sant sa a pral kontinye sèvi piblik la pou anpil ane."

**Prezidan Konsèy Pak Eta a Lucy Rockefeller Waletzky te deklare,** "Mwen fyè dèske mwen ede kreye nouvo ti kay sa a pou ede edike vizitè yo sou anviwònman Vale Hudson nan pou amelyore yon sant edikasyon revitalize ki ede enspire anpil moun pandan ane yo."

**Senatè Eta a Serino te deklare,** "Edikasyon sou anviwònman an jwe yon wòl enpòtan anpil nan garanti prezèvasyon resous natirèl ki fè Vale Hudson nan yon kote espektakilè konsa pou viv ak vizite. Modènizasyon sa yo pral fè sa pi fasil pou jwenn pwogram edikasyon enpòtan sou anviwònman an ak eksperyans ki pral bon pou yon kantite etidyan nan ane k ap vini yo, e mwen remèsye Pak Eta yo dèske yo fè renovasyon an vin yon reyalite."

**Manadjè TOEC la John Stowell te deklare,** "Anplis soutni deklarasyon misyon Pak yo, pèsònèl TOEC la pran angajman ofri group itilizatè nou yo eksperyans anplennè pozitif pandan tout ane a ki pral ankouraje lòt vizit ak avanti."

Sant Edikasyon Anplennè Taconic la ouvè tout ane a. Pou enfòmasyon sou rezèvasyon, ale [here](#).

Chèf chantye a pou pwojè a se te The LiRo Group epi bòs mason an se te Meyer Contracting Corp, ki sòti Pleasant Valley. Antreprenè elektrisyen an se te FA Burchetta Company ki sòti nan Croton-on-Hudson epi antreprenè mekanik ak plonbri an se te S&O Construction Services, ki sòti nan Pleasant Valley. Antreprenè estann ekspozisyon yo se te ADK Studios, ki sòti nan Argyle epi konsiltan pou konsepsyon an se te Stantec Consulting, ki sòti Albany. Konsiltan pou konsepsyon estann ekspozisyon yo se te AJA Architecture and Planning, ki sòti nan Glens Falls.

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) la sipèvize plis pase 250 pak endividyèl, sit istorik, santye rekreatif, ak lansman bato, ke yon kantite rekò 78 milyon moun te vizite an 2020. Resaman, yon etid inivèsite te jwenn ke depans State Parks yo ak vizitè yo fè rapòte 5 milya dola nan pwodiksyon ak lavant, sipòte 54,000 djòb nan sektè prive an, epi plis pase 2.8 milya dola anplis pou PEB (an kreyòl, Pwodwi Enteryè Brit) Eta a. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, vizite

[www.parks.ny.gov](http://www.parks.ny.gov), telechaje aplikasyon mobil NY State Parks Explorer la gratis oswa rele nan 518.474.0456. Epitou, konekte avèk nou sou Facebook, Instagram ak Twitter.

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)